



Pou Piblikasyon Imedya: 16/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM ENÈJI SOLÈ POU TOUT MOUN NAN TOUT ETA A

Pwogram enèji solè pou tout moun nan ap fasilite ekonomi enèji pwòp la efikasman pou fanmi ki gen revni ki fèb yo

Objektif pou bay omwen 40 dola kredi sou fakti pa ane a plis pase 800,000 fanmi atravè eta a

PSC amelyore enskripsyon nan pwogram pwodiksyon ki distribibe nan kominote a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te adopte pwogram Enèji Solè pou tout (Solar for All program) moun nan tout Eta a k ap favorize devlopman plis pwojè estokaj enèji solè ak distribisyon nan Eta New York anpil. Pi devan, pwogram Enèji Solè pou tout moun nan tout eta a ap administre pa chak sèvis piblik ki se pou envestisè ki sèvi kliyan pwogram aksè nan kouran elektrik bon mache (energy affordability program, EAP) yo. Anplis, PSC te pran mezi pou amelyore enskripsyon nan pwogram Pwodiksyon ki Distribibe nan Kominote (Community Distributed Generation, CDG) New York la.

"N ap asire ke plis Nouyòkè ke jamè anvan ap gen aksè nan enèji pwòp, enèji solè pou nou ka konstui yon avni ki pi sen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Enèji Solè pou Tout moun nan ap pwodui benefis ki enpòtan pou sante nou, anviwònman nou, ekonomi nou, ak pou plizyè milye Nouyòkè k ap genyen bòdwo elektrik ki pi ba."

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "Pwogram Enèji Solè pou tout Moun nan tout Eta a ap diminye depans pou enstale kouran solè, ogmante efikasite operasyonèl epi bay aksè ki ekitab nan enèji solè kominote a. Inisyativ la konsantre sou adaptasyon pri enèji a nan yon politik enèji solè kominotè ki ekilibre lè lib bay benefis pou fanmi revni ki ba yo priyorite epi oryante kwasans enèji solè kominote a. Inisyativ sa ap pèmèt pwojè CDG yo patisipe nan pwogram nan — k ap kreye yon estrateji prelevman ki bay enèji sou fakti yo pou kliyan ki gen revni ki ba yo — tout sa pandan l ap bay benefis ki enpòtan pou rezo a."

Modèl pwogram Enèji Solè pou tout Moun, ki rasyonnalize epi rantab sa ap konbine de pwogram ki reyisi nan eta a — Pwogram Aksè nan Enèji (Energy Affordability Program,

EAP) ak enèji solè kominotè ki baze sou mache a — pou bay ekonomi enèji pwòp efikasman a fanmi ki gen revni ki ba yo. Nouvo pwogram nan ap kòmanse bay yon kredi sou fakti elektrik a kliyan EAP ki abite nan yon kominote ki defavorize ak objektif iltim pou bay yon kredi sou fakti 40 dola pa ane a plis pase 800,000 fanmi depi pwogram nan rive nan matirite. Mezi yo pran jodi a yo sipòte konsepsyon yon pwogram alontèm ki oryante kwsans enèji solè kominotè ak estokaj epi dirije benefis kwasans sa bay rezidan Eta New York ki gen revni ki ba yo.

Pwogram nan regwoupe kredi ki asosye ak pwodiksyon enèji renouvlab epi distribye kredi sa yo sou fakti kliyan EAP yo. Yon mache enèji solè kominotè ki solid k ap ofri kliyan ki gen revni ki ba yo opòtinite pou patisipe alafwa nan pwogram Enèji Solè pou Tout Moun, EAP a ak yon enskripsyon nan pwojè CDG a, k ap pèmèt kliyan revni ki fèv yo fè plis ekonomi solè kominotè anplis rabè sou fakti EAP yo a.

Anplis, jodi a PSC te bay devlopè CDG yo fleksibilite pou ofri jiska twa tarif ekonomi diferan pou abone ki enskri nan CDG yo. Nan en an, y ap mande sèvis piblik ki pou investisè yo mete anplas kapasite pou bay plizyè tarif ekonomi sou depans apwovizyonman elektrisite pou yon pwojè CDG. Aksyon sa p ap sèlman devlope endistri solè Eta New York la, men l ap pèmèt yon pi gwo kantite fanmi, ki enkli fanmi ki gen revni ki ba yo, benefisyè de pwojè enèji solè kominotè yo atravè eta a.

Plan Klimatik Lidè Nasyonal Eta New York la

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York (New York Cap-and-Invest, NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030. ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)